Сыяқлы мәселелер дөгерегинде қәнигелер менен пикир жүргизиледи.

Әлбетте, баланың билим алыўы, интеллектуал қәбилетин жоқарылатыў менен бирге, олардың денсаўлығына итибар бериў, ўақтында тийимли ҳәм сапалы аўқатланыў да өсип киятырған организмге керекли саналады. Бундай мақалалар ата-аналар ушын арналса да, балалар газетасында жәрияланыўы тосыннан емес. Ҳәр қандай балаға ата-анасы, мектепте муғаллимлери кеңес бергенине қарағанда, өзи сүйип оқыйтуғын жақын жолдасына айналған газетаның кеңеси анағурлым күшли тәсир көрсетеди. Сонлықтан, усындай мақалалар да балалардың тәрбиясында әҳмийетли болып саналады.

Жуўмақлап айтқанда, «Жеткиншек» газетасының келешек раўажланыўын биринши гезекте балалардың психологиялық, жас өзгешелиги тийкарында қәлиплестирип барыў лазым. Себеби, заманагөй баспасөз биринши гезекте аудиторияның талаплары, қызығыўшылығы тийкарында қәлиплесип, раўажланып барады. Буны базар қатнасықлары талап етпекте. Усы көзқарастан балалар басылымлары өз бетлеринде әдеп-икрамлылық, денсаўлыққа байланыслы материалларды сәўлелендирип барыў менен бирге балалардың өз талантын жүзеге шығарыўға түртки болатуғын усыллардан пайдаланыўға ийтермелемекте. Ал, коммуникациялық процесске заманагөй коммуникациялық технологиялардың тәсир етиўи болса, балалар газеталарынан балалар менен байланыс орнатыўдың жаңа усылларынан, ҳәр қыйлы түрлеринен пайдаланыўды талап етпекте.

**Әдебиятлар**


1. Marziyaev J.K., Qudaybergenov M. A. Children's press in Karakalpakstan: problems and solutions // International Scientific Journal (ISJ) Theoretical & Applied Science. Philadelphia, USA. 2020.
2. Романенко А.Р. Мир сказочный и мир реалный/ А.Р.Романенко – М.: Художественная литература. 1987.
3. «Жеткиншек» газетасы, №40 (5382) 5-октябр, 2019-жыл.
4. «Жеткиншек» газетасы, №45 (5335) 8-ноябр, 2018-жыл.
5. «Жеткиншек» газетасы, №19 (5309) 10-май 2018-жыл.
6. «Жеткиншек» газетасы, №42 (5332) 18-октябр, 2018-жыл.
7. «Жеткиншек» газетасы, №47 (5337) 22-ноябр, 2018-жыл.
8. «Жеткиншек» газетасы, №23 (5365) 6-июн, 2019-жыл.
9. «Жеткиншек» газетасы, №37 (5327) 13-сентяб, 2018-жыл.
10. «Жеткиншек» газетасы, №48 (5338) 29-ноябр, 2018-жыл.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада глобаллашув шароитида жамиятда болалар тарбияси ва оммавий ахборот воситаларининг тутган ўрни, хусусан, болалар журналистикасининг ўрни ва аҳамияти, шунингдек, болалар журналистика соҳасида ижод қилиб келаётган журналистларнинг маҳорат борасидаги масалалари ҳар томонлама таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль детского образования и СМИ в жизни общества в условиях глобализации, в частности, роль и значение детской журналистики, а также навыков журналистов, работающих в сфере детской журналистики.

**SUMMARY.** This article discusses the role of children's education and the media in the life of society in the context of globalization, in particular, the role and importance of children's journalism, as well as the skills of journalists working in the field of children's journalism.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЛИЎИ


**Б.Турдыев –** *ассистент оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** ижод, афсона, гурген, фожиа, анъана, тараққиёт.

**Ключевые слова**: Творчество, Легенда, Гурген, Трагедия, Традиция, Прогресс.

**Key words:** Creativity, Legend, Gurgen, Tragedy, Tradition, Progress.


Қарақалпақ аўызеки халық творчествосының ең бир әҳмийетли тараўларының бири — тарийхый қосықлар. Халық дөретпелериниң басқа түрлери сыяқлы тарийхый, қосықлар да өзиниң раўажланыўы, қәлиплесиў тарийхына ийе ҳәм соның менен бир қатарда өзине тән өзгешеликлери де бар.

XIX әсирдеги Хорезм, араллы өзбеклер, қарақалпақлардың мәдений байланысын сәўлелендиретуғын тарийхый қосықларды изертлеў үлкен әҳмийетке ийе.

«Қарақалпақ» қосығының, ўақыялары көп дәўирлерди өз ишине алады. Қарақалпақ халқының көп әсирлик шежирелик өмир баяны сыяқлы көринеди. Қосықтың соңғы бөлимлеринде халықтың Жаңадәрьядағы турмысы, оннан Хийўа ханлығы қол астына - Хорезмге келип орналасыў жағдайлары сөз етиледи. Әсиресе, Есенгелди, Жылгелди, Айдос баба, Барақ батыр ҳәм т.б. тарийхый болған адамлардың атлары ушырасады.

*Айдос батыр ақ көкирек ер еди,*
*Есаптағы батырлардың бири еди.* [1:17].

Тарийхый дәреклерге нәзер салғанда, Хийўа ханлығы қол астындағы қарақалпақлар Хийўа ханлығы тәрепинен ҳәр қыйлы аўыр салықларының көплиги, ханның көп ғана атланысларының барлық аўырманлығы қарақалпақлардың мойнында болған. Белгили тарийхшы, академик С.Камаловтың көрсетиўлерине қарағанда қарақалпақлар Хийўа пуқаралығына дәслеп Есенгелди арқалы, соң Айдос бий арқалы өтеди. Ең ақырында Муҳаммед Раҳим ханның тусында қарақалпақларды толығы менен бағындырып алған.

Хийўа ханлығының аўыр салығы ҳәм ишки бийлер тәрепинен ҳәр тәреплеме азап шеккен халықтың турмыс тиришилиги қосықта реаль сүўретленген. Мысалы:

*Хан сайланған халықтың хәмелдарлары.*
*Салық салып мал алыўдың жоллары.* [1:18].

Өзбекстанның Наманган, Ферғана, Андижан, Бухара ҳәм Самарқанд областларындағы «жоқары» қарақалпақлар арасынан жазып алынған ертеклерде, тарийхый аңыз-әпсаналарда, халық қосықларында, тарийхый адамлар ҳаққындағы (Амангелди, Асан, Жийренше шешен ҳәм т.б.) легендаларда да ҳәзирги Арал теңизи әтрапында, Хорезмде жасаған қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелериниң барлық түрлери бойынша байланыс ҳәм үнлесликлер бар.

Қарақалпақлардың Хийўа ханлығының сиясий ислерине араласқанлығы туўралы мағлыўматлар халық әпсаналарында жүдә көп сақланған.

Әжинияздың «Бозатаў» поэмасы Хийўа ханлығының зулымлығына қарсы 1857-1858-жыллардағы халық көтерилисин сөз етсе, Бердақтың. «Айдос бий» (1827-1928). «Ерназар бий» поэмаларында да (1855-1856) тарийхый халық көтерилислери сөз етиледи.

Туркмен феодаллары тәрепинен халықтың бенде болып қолға түсиўи, қолға түскен бенделердиң аўыр жағдайы, Бозатаўдан көшкен халықтың қайғылы турмысы поэмада күтә тарийхый сарраслық пенен бериледи:

*Кимсәниң атасы, кимниң анасы,*
*Кимсәниң ағасы, кимниң иниси.* [3:56].

Қарақалпақ халқы Хийўа ханлары тәрепинен ҳәр тәрепleme езилип келди. Ҳәр қыйлы салықлардын, салыныўы халық турмысын барынша төменлетти. Академик Ғайып Непесовтың көрсетиўинше рәсмийлестирилген 24 түрли салықтың, болғанлығын, ал шынында салықтың 70 түриниң болғанлығын еске түсиреди. Мине, бундай аўыр салықты халық ўақтында төлей алмайды, ақырында үстем топарлардың аўыр жазалаўына, өз хожалығынан айырылып, сергизданлыққа түседи. Халықтың бундай зары, теңсизлиги «Хан зулымы» деген қосықта дурыс берилген:

*Пәрияд қылмақ ўақты жетти,*
*Көп қамшы жаныма өтти*, [1:38].

Бунда аўыр зулымлықтың жәбирин тартып, зулымлық үстемлик еткен дәўирде өз теңлигин ала алмай, ақырында өлимге гириптар болған мийнет адамының трагедиялық турмысы сөз болады.

Қарақалпақ жериндеги үлкен өзгерислердин бири 1873-жылы қарақалпақлардың (дәрьяның оң жузи) патша Россиясының қараўына өтиўи болды. Бул дәўирдеги сиясий жәмийетлик дузимдеги болған ҳәр қыйлы өзгерислер классик шайырларымыздың шығармаларында (Бердақ, Өтеш, Сыдық, Омар) көрине баслады. Шын мәнисинде халық турмысы бурынғысынша аўыр жағдайды бастан кеширди. Сыдық шайырдың «Заман» деген қосығында шайыр дәўирди былай сыпатлайды:

*Журтымыз еки бөлинди,*
*Бухара тозып, булинди*...[4:34]

Тарийхый қосықлар барлық ўақытта алға қарай раўажланыўшы жанр. Халық турмысына өзиниң актив тәсирин тийгизген тарийхый ўақыяларға классик шайырларымыз да өз көз қарасын билдирип шығармалар дөретти.

Олардың ең баслыларын атап көрсеткенде Жийен жыраўдың, Күнхожаның тарийхый шығармалары менен Әжинияздың «Бозатаў», Бердақтың «Айдос баба», «Ерназар», «Амангелди», «Хорезм», «Шежире» шығармаларының традициялық тәсири басқа да шайырларды тарийхый шығарма дөретиўге бағдарлағанын көремиз. Сондай-ақ, Әбдиқәдирдиң «Қызкеткен», «Қатты ағардан жыққын кетти», Сыдық шайырдың «Аққапшық», «Заман», Аяпбергенниң «Бола баслады», Аббаздың «Әмиўдәрья», «Ақбө- гет», «Халықты темир жолға шақырыў» ҳәм т.б. шайырлардың шығармаларында тарийхый ўақыялар сөз етиледи.

Тарийхый қосықлардың қолда бар материалларының тийкарғы тематикасы Хийўа ханлығының зулымлығын әшкаралаў, теңсизликтиң ҳәр қыйлы көринислерин сыпатлайтуғын хан қазыўы, түркмен феодаллары - баспашылардың ҳәрекетлерин сөз етиўден ибарат.

Булардан «Мәрдикар», «Жети үйден бир белдар», «Нәйлейин», «Тапсырдым», «Яранлар», «Залым яўмыт», «Бир әламат заман болды», «Өлер болдық баспашының дәртинен» тағы басқа тарийхый қосықлар менен халықтың батыр улларын тәрийиплейтуғын «Әўезжан», «Өтеш», «Асқар батыр», «Ермағамбет», «Марқабай» деген соңғы дәўирлерди сөз ететуғын қосықлар менен уқласады.

Тарийхый қосықлардың ишинде белгили бир тарийхый қонысты дәрья, көл ҳәм т.б. орынларды сөз ететуғын тарийхый-топонимикалық характердеги қосықлар да бар. Булардан «Кегейли», «Бозатаў», «Нәўпиржап», «Ақдәрья», «Теңизбай», «Жайлаўым» ҳәм т.б.

Халық легендалары тийкарында жазылған «Қоңырат легендасы» деген көлемли тарийхый қосық та бар.

Жоқарыдағы қарақалпақ тарийхый қосықларына тән ортақ идея, халықтың турмыс тиришилиги, гүреслери менен әрманлары, халық батырларын тәрийиплеў, жаўызлыққа қарсы халықтың күшли наризалығы, теңсизликтиң қурбаны болғанлардың идиралды тилек-әрманлары сөз етиледи.

Тарийхый қосықлардың баслы қаҳарманы - мийнеткеш халық. «Керегениң басында қынап турған» деп басланатуғын қосықта баспашылардың қолына түскен қыздың азатлыққа шығыў ойлары бериледи. Баспашылар тәрепинен қатаң бақлаўға түскен қыз азатлыққа, бостанлыққа ерисиўдиң жолларын қарастырады, қолына қурал түсириўдиң жолларын излестиреди.

*Керегенин басында қынап турған,*
*Кирсем-шықсам яўмытлар сынап турған,*
[5:345], — *десе,*

«Жесир ҳаялдың муңы» деген қосықта да жарлы дийқан шаңа рағындағы жетпесинликти типиклестирип бериў бар. Күйеўинен айырылған, өзи аўырыў, гилең майда балалар менен қалған жесир ҳаялдың отыннан киятырғандағы ойлары пүткил жарлы дийқан хожалығының қайғысына ортақ:

*«Өзим ғарры, өзим жарлы,*
*Тек жаным бар, жоқлы - барлы*... [5:346]

- деп таныстыра келип, усы тиришиликти көп көргендей салық деген бәлесиниң тағы бар екенлигин айтып, дәўирге нәлет нама айтады:

XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басында пайда болған аўызеки халық дөретпелериниң көпшилиги Хийўа ханлығының зулымлығын таныстырады ҳәм усы дәўирдеги тарийхый ўақыялар өз сүўретлениўин тапқан. Ханның ҳәр қыйлы атланыслары, сарайдағы ипласлық ҳәрекетлер, түркмен феодалларының талаўшылық ислери, халықтың бир орыннан екинши орынға көшиў жағдайлары сөз болады.

«Яранлар» деген қосықта да баспашылардын булгиншилик ислери, халықтың буған болған күшли наризалығы сөз етиледи. Бул қосықта баспашылардың қайсы тәрептен келип, қайсы орынларды талағанына дейин таныстырады:

*Яўмыт келди «Күўсырықтың» елине,*
*Ертеңине келди «Шөгир» көлине* [5:347].

Қарақалпақ тарийхый қосықларының ишинде баспашылардың бийбастақлық ҳәрекетлерин сөз ететуғын қосықлар оғада көп. Онда 1914-17-жыллардағы Жунайдхан ҳәрекетлерин таныстыратуғын ҳәм оларды қыйратыўдағы халықтың ерлик ислери ҳаққында да халық тәрепинен дөретилген тарийхый қосықлар бар:

*Қаламыздың дәрўазасы оймалы,*
*Баспашылар тынышымызға қоймады,* [1:42].

Бунда жаўгершиликтиң, басқыншылықтың аўыр жағдайынан жәбирленген халықтын, күн көрис жағдайлары, посып баспаналаў жағдайлары сөз болады.

Түркмен феодалларының 1911-1918-жыллар арасындағы «Қанлы көл», «Көкли көл», «Сорқөл» әтирапына жасаған топылыслары атақлы Аяпберген шайырдың шығармаларында да өз сүўретлениўин тапқан. Әсиресе, шайырдың «Көлге қаш, ярым, көлге қаш», «Көлге қаш Қалжан, көлге қаш» ҳәм тб. қосықларында да сөз болады. Шайырдың бул қосықлары халық арасына кеңнен таралыўы нәтийжесинде вариантласып, халық қосықлары сыпатында кеңнен таралған.

Халық арасынан жыйналған тарийхый қосықлардың бири «Әўезжан». Бул қосықтың, тарийхы Хийўа ханы Асфандияр ханның, қыз мәселесиндеги зулымлығына қарсы Хожели ҳәм Маңғыт елатлы пунктлериндеги 1916-жылдың 10-январындағы халық қозғалаңын сөз етеди. Халық қозғалаңының басшысы хожелиши Әўезжан хожа бас болады. Көтерилис қатаң зулымлық пенен Галкинниң қатнасыўы менен бастырылады, басшы деп есапланған 11 адамды дарға (тарийхый дереклерде 8 адамды) асып өлтиреди. Тарийхта 1916-жыл ўақыяларын халық «Галкин жылы» деп те атайды. Дарға асылғанлардың бири Әўезжан

болып, қосық соған арналған.

*«Әўезжанныц егип кеткен таллары,*

*Қыйын болды балларынын халлары,* [5:358]

Асфандияр ханның сарайға қыз жыйнаў буйрығы халықтың ханлыққа болған күшли нарийзалығын келтирип шығарды. Қыз жыйнаўшыларға халық тас ылақтырады, қызларын ерлерше кийиндирип, Әмиўдәрьяның арқасына рус патшалығы қол астына өткереди. Усы баса-баста бир кеме қыз суўға да кетип қалады. Ақырында халық қуралли көтерилиске өтеди. «Көтерилис басланған күнлери, - дейди академик Г.Н.Непесов - олар (Хожели көтерилисшилери) Асфандияр ханды күш пенен тахттан қулатыўды ҳәм хан қол астындағы барлық халықтың рус пуқаралығына өтиўин талап етип шықты. Бул жағдай соны көрсетеди, халық қозғалаңының да белгили мақсети болғанлығын, оны басқарыўшы Әўезжан хожаның да қосықтағы халықтың тәрийиплегениндей прогрессив характердеги адам болғанлығын көрсетеди. Әўезжаннын өлимин «әрманлы өлим, халық ушын шейит өлген» деп оны халық жоқары баҳалайды.

*Әўезжан өлипти қайда қоялы,*

*Ғәзийнехананың аўзын оялы,*

Жуўмақлап айтқанда қарақалпақ тарийхый қосықларының раўажланыўы ҳәм қәлиплесиўи көп дәўирлерди өз ишине алады. Оның тематикалық диапозоны кең болып, фольклорлық шығармалардың барлық жанрлары менен тығыз байланыслы түрде раўажланыўы менен бирге, қарақалпақ халқынын сиясий-жәмийетлик турмысының дерлик барлық дәўирлерин еске түсиреди. Тарийхый қосықлар, жыр ҳәм толғаў, термелер барлық ўақыт халық турмысына тығыз байланыслы түрде пайда болды, таралды.

**Әдебиятлар**


1. Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.
2. Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. -Нөкис: ККМБ, 1950.
3. ӨЗРИА ҚҚБ Қол жазбалар фонды, инв. 37344
4. Сыдық Токпан улы. Шығармалары.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
5. Қарақалпақ халық қосықлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1965.
6. Непесов Ғ. 1920-1924-жыллардағы Хорезм халық Совет революциясында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң роли. -Нөкис, 1964; Төреев А. 1916-жылғы халық көтерилиси. -Нөкис, 1967.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ тарихий қўшиқларининг ривожланиши ва шаклланиши бир қанча даврларни ўз ичига олади. Фольклористик жанрлар билан бирга ривожланиб, қорақалпоқ халқининг сиёсий-ижтимоий ҳаётининг барча даврларини ўз ичига олади. Тарихий қўшиқлар ҳамма даврларда халқнинг турмуш тарзига боғлиқ пайдо бўлади ва ривожланади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья охватывает несколько периодов в развитии и становлении каракалпакских исторических песен. Развиваясь вместе с фольклорными жанрами, он охватывает все периоды политической и общественной жизни каракалпакского народа. Исторические песни возникают и развиваются во все времена в зависимости от образа жизни народа.

**SUMMARY.** The article covers several periods in the development and formation of Karakalpak historical songs. Folklore, combined with genres, covers all periods of the political and social life of the Karakalpak people. Historical songs arose and developed in all periods, depending on the way of life of the people.


## ЛОҚАЙДЛИК ВА БЕПАРВОЛИК ЁШЛАР ТАРБИЯСИДА ИЛЛАТ СИФАТИДА


**Э.Шерманов –** *педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори*

*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти*



**Таянч сўзлар:** дахлдорлик, лоқайдлик, ижтимоий фаоллик, ислоҳотларга дахлдорлик, фашизм, миссонерлик, диний экстремизм, “оммавий маданият”, огохлик, тарбия, лоқайдлик, бефарқлик.

**Ключевые слова:** вовлеченность, индифферентность, социальная активность, вовлеченность в реформы, фашизм, миссионерство, религиозный экстремизм, «народная культура», информированность, просвещение, индифферентность, равнодушие.

**Key words:** involvement, indifference, social activity, involvement in reforms, fascism, missionary, religious extremism, "popular culture", awareness, education, indifference, indifference.


Бугунги глобаллашув жараёнлари, фан-техника тараққиёти, инновацион жамиятга бўлган эҳтиёж ёшлар учун кўплаб имкониятлар яратмоқда. Улар олдига тезкор қарорлар қабул қилиш, инновацион тафаккурни шакллантириш, интеллектуал салоҳиятни ошириш билан бирга миллий ва умуминсоний қадриятларга содиқ бўлишдек ҳаётий талабларни қўймоқда.

Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 8 апрель куни “Ўзбекистон тараққиётининг янги босқичида миллий ғояни ривожлантириш концепциясини ишлаб чиқишга доир чора-тадбирлар тўғрисида”ги фармойиши қабул қилингандан сўнг олимлар Миллий ғоя концепцияси ишлаб чиқилди.

Тақдим этилган миллий ғоя Концепцияси дунё ижобий тажрибасининг нафақат маънавий-маърифий, тарбиявий-ахлоқий жиҳатларини, балки ижтимоий-сиёсий ва иқтисодий соҳалардаги, жумладан шахснинг интеллектуал салоҳиятини ошириш ва инсон капиталини ривожлантириш билан боғлиқ энг муҳим ютуқларини ҳам ўзида мужассам этган. Миллий мафкура халқни халқ, миллатни миллат этадиган, унинг шаъну шарафи, ор-номуси, ишонч-эътиқодини ифодалайдиган, жамиятимизнинг ўзига хос тараққиёт йўли, турмуш тарзи, туб манфаатларига таянган ҳолда муттасил ривожланиб, такомиллашиб борадиган педагогик ғоялар тизими ҳамдир.

Ёшларда миллий ғоя рўёбига далдорлик фазилатини тарбиялаш бу пировард ҳолда учта ҳокимият тармоғини бирлаштиришга, яъни буни таъминловчи фуқаролик жамиятининг, демократик ҳуқуқий давлатнинг гуллаб яшнашига олиб келади. Бу хақда Президентимиз Ш.Мирзиёев шундай дейди **“.......жаҳолатга қарши маърифат билан курашиш, ёш авлодни гуманистик ғоялар, миллий ғурур ва ифтихор руҳида тарбиялашдек эзгу мақсадларни кўзда тутади” [1].**

Илмий ижодий жамоатчилик олдига давлатимиз томонидан “Замонамиз қаҳрамони” образини яратиш масаласини ғоявий тарбиявий идеал масаласи деб талқин қилиш зарурлигини кўрсатмоқда

Бу ва шу йўналишдаги дастурий фикрлар барча фуқаролар ва уларни бирлаштирган турли қараш ва фикрга эга бўлган ижтимоий қатламлар, сиёсий куч ва ҳаракатларнинг мақсадларини ўзида уйғун қилган Ўзбекистон тараққиётининг ҳозирги босқичида “Миллий тикланишдан – миллий юксалиш сари”, деган улуғ мақсад бош ғоя сифатида майдонга чиқиши – бу ҳар бир ўзбекистонлик йигит қиз учун бирдек муқаддас бўлишини тарбиявий таъминлашнинг нақадар муҳим ва шартлиги намоён бўлади.

Шу сабабли мана шундай олижаноб туйғулар бир томондан, миллий ғоя ва миллий мафкурамизнинг маъно-мазмунига, иккинчи томондан, ҳар бир ўзбекистонликнинг ҳаёт дастурига айланишига эришишни таъминлаш вазифаси белгилаб берилди. “Ҳаёт дастурига айланишига эришиш” масаласида мураккаб педагогик вазифа мужассамлиги кўриниб